



BUPATI WONOSOBO

**PAMEDHAR SABDA BUPATI WONOSOBO
ING ADICARA
HASTUNGKARA AMBAL WARSA KAPING 200
KABUPATEN WONOSOBO
RABU LEGI, 23 JULI 2025**

**Assalamu'alaikum Warohmatullohi Wabarokatuh,
Tresno Asih saking Gusti Inggang Moho
Agung, mawujud Kawilujengan lan Karahayon, tetepo
kasanding tuwin kasandhang ing jiwanggo panjenengan
sedoyo lan kulo sumrambah sagung dumadi widodo
niskolo satemah lulus raharjo. Rahayu.....**

- Inggang satuhu kinabekten poro Sesepeh lan Pinisepeh.
- Wakil Bupati bopo AMIR HUSEIN inggang kinurmat.
- Poro 'alim ulama panggilot 6 (enem) Agomo menopo dene poro kadang saking MLKI inggang Luhur ing Budi.
- Kepala Kantor Kementerian Agama Kabupaten Wonosobo inggang pantes nampi sagunging pakurmatan.
- Poro Jajaran Forum Koordinasi Pimpinan Daerah Kabupaten Wonosobo soho Poro Pimpinan OPD inggang Sinudarsono.

- Sanggyo tamu sinedhahan ingkang kalinggo ing kawilujengan.

Pinurwakan kanthi atur pujo puji syukur mring Gusti Inggang Moho Agung, Dhzat Inggang Atunggal nun inggih Allah SWT, kacihno sampun paring Nugroho ingkang tanpo tandhing awujud kabagas kwarasan tuwin ombering wekdal satemah panjenengan sedoyo lan kulo kepareng kempal manunggal nyawiji ing Pedopo Kabupaten Wonosobo ing **Pengetan Ambal Warso kaping 200 (kalih Atus) Kabupaten Wonosobo** kanthi rinenggo ing karahayon winengku ing kawilujengan.

Shalawat dalah Salam lumeberno dhumateng Priyagung Panuntun Panutaning Umat Punjering Kiblat Satriyo mustikaning jagad nun inggih Nabi Muhammad SAW ingkang sampun nilaraken piwulang luhur babagan pasedherekan miwah warataning sosial masyarakat minongko sanguning agesang ing madyaning pabrayan agung karantu safaatipun wiwit donyo dumugi ing ‘alam kelanggengan.

Sagung Tamu Inggang Kinaroban Yuwono Basuki,

Pengetan **Dwi Abad Wonosobo** minongko momentum ingkang ngedab edabi ingkang ngajab dumateng kulo lan panjenengan sedoyo manunggalaken sedyo, ngukuhaken tekad lan jejegaken jangkah tumuju tembe buri ingkang langkung sae lan trep.

Kalih abad meniko laku panjang ingkang pambudidoyo. Dinten meniko, panjenengan sedoyo lan kulo boten naming mengeti ambal warso, nanging ugi ngenang tapak tilaas poro leluhur, konjem ing panembah salebet sanubari ngonjukaken raos syukur awit paringipun nugraha saking Gusti Inggang Moho Agung lan mantebaken komitmen kangge mangun projo meniko salangkung bijak miwah hamibowo.

Lumantar rerangken adat lan spiritual kadosto **Bedhol Kedhaton, Topo Bisu, Hastungkoro Ujubing Umbul Donga, dumugi Birat Sengkala** ingkang badhe katindakaken dening Majelis Luhur Kepercayaan terhadap Tuhan Yang Maha Esa Indonesia (MLKI), kanthi kidung kidung suci konjuk Gusti Inggang Moho Kawoso, murih berkah kawilujengan tuwin karaharjan tumanduk dhumateng sedoyo masyarakat Wonosobo.

Ing pengetan monumental meniko, panjenengan sedoyo lan kulo hanyekseni sesarengan prosesi nyawijekaken tirta suci saking pitung sumber kapundhut saking sekawan kiblat lan dipun paring pandongo saking enem panggilot agomo, minongko simbul manunggaling maneko warni kapitadosan kinaryo jiwo nywijining Cipto, Roso lan Karso sedoyo masyarakat Wonosobo. Tirta ginambaraken sucining wardoyo sinartan bantolo saking Desa Plobangan kinaryo gegambaran roso hayem, tentrem ibu pertiwi, lan landhesan piwulang luhur Wonosobo.

Ngemu suraos sesambetan ingkang harmoni antawis bomantoro lan basundoro, antawis gayuhan lan roso tresno dhumateng bumi wutahing ludiro.

Prosesi meniko ugi kantandha kanthi masrahaken pusoko projo arupi Pusoko Tombak Karawelang lan Cotrogung Pangayoman dhumateng poro poro ingkang winasis saking MLKI, gegambaraning kukuh bakuh kinaryo pangarso hanjejegaken bebener kanthi lelandhesan ukum kang lumaku, wondene *songsong* kinaryo pangejowantahing pangayoman tuwin pangrekso kangge pabrayan agung. Kekalih pusoko meniko ingkang minongko lelandhesan dumadine Kabupaten Wonosobo, inggih meniko panguoso ingkang nengenaken roso adil lan tansah ngluhuraken kasusilan ing madyaning masyarakat.

Poro Tamu Miwah Poro Wargo Inkang Winengku Ing Kayuwanan,

Wonosobo kinaryo bumi ingkang subur kanthi maneko warni budoyo, kebak warisan adat tradisi, sarto karenggo wargo masyarakat ingkang ngluhuraken bedo bedaning keyakinan miwah toto laksito pangibadah ingkang benten benten, nanging babagan meniko sanes minongko warono panyapih nanging kinaryo manunggaling maneko warni kepitadosan laku spiritual lan sosial kulo lan panjenengan sedoyo.

Pengetan ambal warso meniko ugi minongko saroni refleksi, sampun dumugi pundhi, minongko wargo

masyarakat menopo dene minongko aparaturn pemerintah, anggen nampi greget poro leluhur kanthi sikep jujur, adil lan nengenaken leladhi kangge majuning Wonosobo.

Jumbuh kalayan sesanti agung **“Dwi Abad Wonosobo. Kukuh Ing Tembayatan, Unggul Ing Samukawis, Tumuju Wonosobo Raharjo, Adil lan Makmur”**, mengku teges kanthi umur ingkang sampun tebih ing kadewasan meniko, Wonosobo kedah langkung bakuh ing guyub rukun satemah saget mijil tembayatan ingkang harmonis, unggul ing samubarang gawe satemah saget kajongko karaharjan kangge sedoyo wargo masyarakatipun.

Sagung Adi Lenggah Ingkang Winantu Kabaskwarasan,


Minongko pribadhi lan sesulih Pemerintah Kabupaten Wonosobo, kulo ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpo pepindhan dhumateng wimpuna panggilitu enem agomo miwah poro poro winasis ing penghayat kepercayaan, ing mangke badhe ngidungaken pandongo suci ingkang kapundhut saking kintoko suci lumatar prosesi **Hastungkoro Ujuring Umbul Donga miwah Birat Sengkolo**, kanthi sedyotomo kang suci sinartan hanyirep babahan howo songo, ninggalaken sawetawis gumebyaring ndonyo murih kuwowo hambuko korining jumanoro murih pinaringan kawilujengan, katentreman soho kaluberan berkah satemah manggih Wonosobo ingkang Raharjo.

Kadayan dening pujo pandonga suci ingkang sesarengan kawedharaken dados setunggaling doyo kekuatan

lahir lan bathin murih sesarengan dayan dinayan mangun Wonosobo ingkang Raharjo, Adil lan Makmur, ingkang kaijabah dening Kuasaning Gusti Inkang Hamurbo Alam Sawegung.

Makaten ingkang saget kulo aturaken,wonten ucap saklimah ingkang damel kirang reno ing penggalih nyuwun diagungno aksomo.

**Matur nuwun, Wasono,
Wassalamu'alaikum Warohmatullohi Wabarokatuh.**

**BUPATI WONOSOBO**
**HAFID NURHIDAYAT S.Ag**